

Nail Specialty Trainee Learning Objectives - 08-06-15

Haitian Creole

OBJEKTIF FÒMASYON POU ESTAJYÈ KI NAN ESPESYALITE ZONG

SIJÈ 1 – Rezime/Kontni Kou a 1 èdtan

1.1 Rezime Kou a

- Bay lis règ ak règleman lekòl la/kou a.

1.2 Wòl Espesyalis Zong

- Dekri wòl espesyalis zong.

10.3 Lwa, Règ, ak Règleman Eta New York

- Idantifye Enpòtans pou Bay Lisans.
- Diskite sou lwa, règ, ak règleman Eta New York
- Diskite sou Lwa anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act).

SIJÈ 2 – Sekirite ak Sante nan Espas Travay 5 èdtan

2.1 Kòd Sekirite Lokal, Leta, Federal

- Idantifye kòd sekirite lokal, leta ak federal.
- Diskite sou fason pou mete etikèt sou pwodui dapre EPA.
- Idantifye kote pou kouri soti si gen dife.
- Defini anpil kalite klas sou dife epi korije kalite ekstenktè yo.

2.2 Sekirite Jeneral nan Salon Maniki

- Bay lis règ, règleman, ak pwotokòl sou sante ak sekirite.

2.3 Kominikasyon sou Materyèl Danjere (HAZMAT)

- Rekonèt kalite klas sou danje, danje fizik ak danje pou sante nan djòb la.
- Idantifye kote pou antre ak metòd kontwòl yo.
- Idantifye prekosyon pou ijans.
- Idantifye dispozisyon ak senbolis.
- Vin konnen egzijans Prensip Kominikasyon Danje, ak nenpòt lòt règleman oswa lwa lokal oswa leta ak sa yo egzije.
- Chèche sèten enfòmasyon konsènan materyèl danjere.
- Li epi konprann avètisman sou danje ou jwenn sou etikèt bwat yo.
- Chèche, li, epi itilize yon Fèy Done sou Sekirite.
- Bay Lwa OSHA sou “Dwa pou Konnen” epi diskite sou li.
- Idantifye, li epi dekri ekipman sekirite yo itilize nan sèten anviwònman ansèyman jan OSHA endike sa.
- Dekri anpil kalite ekipman pwoteksyon pèsònèl yo itilize nan endistri espesyalite zong.

SIJÈ 3 – Kontwòl Enfeksyon 6 èdtan

3.1 Metòd pou Kontwòl Enfeksyon

- Idantifye diferans ant esterilizasyon, netwayaj ak dezenfeksyon.
- Dekri anpil kalite metòd esterilizasyon, netwayaj, ak dezenfeksyon.
- Eksplike pou kisa pratik kontwòl enfeksyon nesèsè.
- Bay lis règleman ijyenik ki gen pou wè ak kontwòl enfeksyon.

3.2 Ajan Fizik ak Chimik pou Kontwòl Enfeksyon

- Idantifye metòd netwayaj, dezenfeksyon ak esterilizasyon fizik.
- Idantifye metòd netwayaj, dezenfeksyon ak esterilizasyon chimik.
- Bay lis règ pou metòd netwayaj, dezenfeksyon ak esterilizasyon fizik ak chimik.

3.3 Kontwòl Enfeksyon Ajan Patojèn

- Diskite sou egzijans pou kontwòl enfeksyon ajan patojèn.

SIJÈ 4 – Bakteri ak Twoub ak Maladi Enfektye 6 èdtan

4.1 Kalite ak Klasman Bakteri

- Bay lis anpil kalite ak klasman bakteri.
- Dekri kijan bakteri yo grandi ak repwodui.
- Eksplike diferans ant bakteri ak bakteryoloji.
- Idantifye epi defini kalite bakteri patojèn ak bakteri ki pa patojèn.

4.2 Iminite ak Defans Kò a

- Dekri kalite iminite yo.
- Eksplike pou kisa yon pòtè maladi imen transmèt jèm.

4.3 Enfeksyon Viral

- Idantifye kalite ak sous enfeksyon viral tankou VIH ak epatit.
- Bay kèk egzanp enfeksyon komen moun pran akòz viris.
- Eksplike kijan viris yo simaye ak kisa sentòm yo ye.
- Eksplike kijan li posib pou transfere enfeksyon viral tankou enfeksyon VIH ak epatit nan salon maniki.

4.4 Enfeksyon Imidite ak Chanpiyon

- Idantifye kalite ak sous enfeksyon mwazisi ak enfeksyon chanpiyon.
- Defini mwazisi ak chanpiyon.
- Dekri aparans mwazisi nan zong ak diferan kalite etap devlopman li.

4.5 Twoub ak Maladi Zong ak Po

- Defini tèm twoub nan zong.
- Idantifye twoub nan zong espesyalis zong kapab trete ak sa yo pa kapab trete.
- Defini lezyon.
- Dekri karakteristik egzema ak soryazis.
- Defini melanòm.
- Defini lota men ak pye.

SIJÈ 5 – Anatomi ak Fizyoloji Zong, Men, Bra, Pye ak Janm 3 èdtan

5.1 Siyifikasyon Anatomi ak Fizyoloji pou Espesyalis Zong

- Eksplike kijan yon entèpretasyon anatomi ak fizyoloji pral ede espesyalis zong yo vin pi bon pwofesyonèl.

5.2 Metabolis ak Estrikti Selil

- Dekri objektif selil yo andedan kò imen.
- Dekri metabolis selil epi eksplike diferans ant de (2) faz metabolis.

5.3 Tisi ak Ògàn

- Idantifye diferan kalite tisi kò a epi eksplike fonksyon chak kalite.
- Idantifye ògàn ki pi enpòtan nan kò a epi eksplike fonksyon chak ògàn.

5.4 Sistèm Kò a ak Relasyon Yo

- Idantifye sistèm kò a ak fonksyon yo.

5.5 Istoloji Po a ak Fonksyon Li

- Dekri karakteristik po ki an sante.
- Bay lis fonksyon po a.
- Dekri epidèm ak dèm.
- Eksplike kijan po a nourit.

5.6 Zo, Miskilati, Nè Men, Bra, Janm ak Pye

- Idantifye epi dekri zo, miskilati, ak nè men, bra, janm ak pye.
- Bay lis fason miskilati yo estimile.
- Idantifye kalite miskilati ki afekte avèk masaj.

5.7 Estrikti Zong

- Idantifye pati zong lan.

SIJÈ 6 – Konsiltasyon Kliyan ak Pwotokòl Sèvis 5 èdtan

6.1 Evalyasyon Bezwen Kliyan

- Eksplike objektif konsiltasyon kliyan.
- Eksplike pou kisa lè ou konnen mòdvi yon kliyan sa ap itil pou pran desizyon sou pwodui ak sèvis yo.

6.2 Analiz Zong ak Po/Seleksyon Pwodui ak Rekòmandasyon pou Tretman

- Dekri aparans zong ki an sante.
- Analize epi klase kalite ak kondisyon zong ak po.
- Eksplike kijan pou konsève rejis done kliyan yo.
- Diskite sou lè referans doktè nesèsè.
- Diskite sou chwa pwodui apwopriye.
- Idantifye/rekòmande tretman apwopriye.